

Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 18.6 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON PWOTEKSYON TÈREN AGRIKÒL YO POU FÈM PWODWI LETYE NEW YORK YO

Finansman Bay a 25 Fèm Pwodwi Letye pou Pwojè Sèvitid Konsèvasyon Atravè NYS

Finansman an Pral Pèmèt Fèm yo Divèsifye oswa Fè Tranzisyon Operasyon yo nan Pwochè Jenerasyon an, epi Asire Ke Yo Kontinye Itilize Tèren yo pou Objektif Agrikòl yo

Yo Bay Fèm Letye yo Plis pase 30.7 Milyon Dola Ane Pase

Gouvènè Lanse Dezyèm Faz nan Pwogram 30 Milyon Dola a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse ke yo te bay plis pase 18.6 milyon dola pou sipòte pwojè sèvitid konsèvasyon nan 25 fèm letye nan New York. Fèmye pwodwi letye New York yo kontinye ap fè fas a pri lèt ki ba, sa ki ogmante menas konvèsyon tèren agrikòl ki vyab yo an devlopman ki pa agrikòl. Atravè Pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la (Farmland Protection Implementation Grant Program) lan, fèm pwodwi letye yo kapab divèsifye operasyon yo oswa tranzisyon fèm yo nan pwochè jenerasyon an nan yon depans ki pi abòdab, pandan ke y ap asire ke tèren an rete a jamè itilize pou objektif agrikòl yo. Depi kòmansman ane 2018, Eta New York bay plis pase 30.7 milyon dola pou fèm letye, pou pwoteje 6,111 ekta.

"Agrikilti se yon eleman enpòtan nan ekonomi pati nò eta a epi fèm nou yo amelyore kalite lavi pou tout moun New York yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yo bay kominote nou yo manje ak bwason fre ak nourisan e yo se kay kèk nan pi bèl peyizaj New York yo. Pwogram sa a pral ede asire fèm nou yo kontinye operasyon ki gen siksè yo pou jenerasyon k ap vini yo."

"Pwoteje tèren agrikòl nou yo se yon eleman vital pou asire kwasans endistri agrikòl eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "New York pami pi gwo pwodiktè lèt, yogurt, ak fwomaj kotaj nan peyi a, li founi konsomatè yo nan New York ak lòt kote pi lwen. Avèk finansman sa a pou pwoteksyon tè agrikòl yo, nou ap kontinye efò nou yo pou pwoteje ak sipòte agrikilti, elaji opòtinite, ak ajoute sou siksè endistri a."

Pwoteje baz tèren agrikòl nan yon fèm pwodwi letye ki ap fonksyone kont konvèsyon an itilizasyon ki pa agrikòl yo sa esansyèl pou vyabilite ak dirabilite alontèm endistri agrikòl New York lan. Endistri letye New York la se pi gwo sektè endistri agrikòl Eta a ak yon eleman enpòtan nan ekonomi li, ki reprezante apeprè mwatye nan pwodiksyon agrikòl nan fèm Eta New York, sipò sèvis agrikòl ak pwodui ki gen valè ajoute. Eta New York se lakay prèske 4,000 fèm pwodwi letye ki gen plis pase 620,000 manman bèf, ki ap pwodwi 14.9 milya liv lèt. New York klase katriyèm nan pwodiksyon lèt epi li se premye nan nasyon an nan pwodiksyon lòt pwodwi letye yo tankou yogurt ak fwomaj blan.

Pwojè yo bay yo pral pwoteje 4,149 ekta teren agrikòl vyab ki gen ladann sòl premye chwa:

Rejyon Kapital

- Agricultural Stewardship Association - 413,670 dola pou pwoteje 105 ekta Fèm New Generation lan.
- Agricultural Stewardship Association - 859,075 dola pou pwoteje 262 ekta Fèm Burch Family an.
- Agricultural Stewardship Association - 200,142 dola pou pwoteje 29 ekta Fèm Wagner an.
- Agricultural Stewardship Association - 517,737 dola pou pwoteje 144 ekta Fèm Adams Acres lan.
- Agricultural Stewardship Association - 369,261 dola pou pwoteje 125 ekta Fèm Chapin Family an.
- Agricultural Stewardship Association - 821,841 dola pou pwoteje 177 ekta Fèm Otter Creek lan.
- Saratoga PLAN - 823,706 dola pou pwoteje 69 ekta Fèm Drumm lan.
- Saratoga PLAN - 1,010,164 dola pou pwoteje 70 ekta Fèm Hanehan Family an.
- Agricultural Stewardship Association - 324,968 dola pou pwoteje 66 ekta Fèm Liddleholme lan.
- Agricultural Stewardship Association - 572,921 dola pou pwoteje 134 ekta Fèm Letye Hickory Hills lan.

New York Santral

- New York Agricultural Land Trust - 500,194 dola pou pwoteje 80 ekta Fèm CBG yo.
- New York Agricultural Land Trust - 339,281 dola pou pwoteje 66 ekta Fèm Fesko yo.
- New York Agricultural Land Trust - 1,993,723 dola pou pwoteje 322 ekta Fèm Pastureland lan.
- New York Agricultural Land Trust - 637,219 dola pou pwoteje 121 ekta Fèm Fesko yo.

Finger Lakes

- Genesee Land Trust - 1,124,759 dola pou pwoteje 229 ekta Fèm Koeberle.
- Finger Lakes Land Trust - 967,522 dola pou pwoteje 167 ekta Fèm Christiansen lan.
- Genesee Valley Conservancy - 1,999,750 dola pou pwoteje 426 ekta Fèm Highgrove lan.
- Genesee Valley Conservancy - 2 milyon dola pou pwoteje 560 ekta Fèm Roll-N-View lan.

Hudson Valley

- Scenic Hudson Land Trust - 790,000 dola pou pwoteje 39 ekta Fèm Scholldorf lan.

Mohawk Valley

- Tug Hill Tomorrow Land Trust - 417,690 dola pou pwoteje 95 ekta Fèm Groeslon lan.
- Mohawk Hudson Land Conservancy - 960,971 dola pou pwoteje 333 ekta Fèm Creek Acres lan.

North Country

- Tug Hill Tomorrow Land Trust - 880,678 dola pou pwoteje 291 ekta Fèm Huntley an.
- Tug Hill Tomorrow Land Trust - 468,878 dola pou pwoteje 130 ekta Fèm Northrup & Sons lan.
- Tug Hill Tomorrow Land Trust - 301,184 dola pou pwoteje 63 ekta Fèm Nemeth lan.
- Adirondack Land Trust - 116,200 dola pou pwoteje 36 ekta Fèm Moran.

Aprè siksè nan Faz 1 pwogram sa a, Eta New York ap lanse yon dezyèm faz nan Pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la espesyalman pou pwodwi letye. Eta a pral aksepte aplikasyon ofiyamezi pou sibvansyon pwoteksyon teren agrikòl jiska 2 milyon dola nan antite ki kalifye yo, tankou fidisi fonsyè yo, minisipalite yo, konte yo, ak distri konsèvasyon tè ak dlo. Pa gen dat limit pou aplikasyon yo.

Yo pral bay pwojè sèvitid konvèsasyon yo bay fèm pwodwi letye ki kalifye yo ki ap:

- Fè tranzisyon nan pwochèn patenarya yon pwodwi letye ki ap kontinye, men ki gen operasyon li yo ki te modifye pou asire pi gwo dirabilite finansye;
- Kontinye ak pwodwi letye, men divèsifye operasyon fèm global lan; oswa
- Konvèti nan yon operasyon ki pa pou fèm pwodwi letye yo.

Yo dwe soumèt tout pwopozisyon pwojè pwoteksyon tèren agrikòl yo sou entènèt atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York la (New York State Grants Gateway). Pou plis enfòmasyon konsènan Pòtay Sibvansyon an, tanpri vizite <https://grantsgateway.ny.gov>. Ou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl ak RFA a sou sit entènèt Depatman an nan <https://www.agriculture.ny.gov/RFPS.html>.

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare, "Pwodwi letye se pi gwo sektè ekonomi agrikòl Eta New York e kiltivatè letye nou yo fè fas a kèk defi difisil nan dènye ane yo avèk pri lèt ki ba ak ensètitud komès. Lajan sa yo ede kiltivatè yo adapte yo ak chanjman nan mache a epi yo rete nan biznis, pandan y ap konsève tè a ak fason kiltivatè yo viv. Mwen kontan tou ke pwogram lan te gen siksè e ke Depatman an ka reponn a kominote letye a avèk yon dezyèm tou 30 milyon dola pou sèvitid konsèvasyon".

Prezidan Biwo Fèm New York la (New York Farm Bureau), David Fisher te deklare, "Konsèvasyon teren agrikòl kapab yon zouti enpòtan pou konsève pwopriyete fèm yo pou pwochen jenerasyon kiltivatè yo. Nan ekonomi agrikòl aktyèl la, ak defi komès

entènasyon ak pri lèt ki ba, bay fanmi ki gen kapasite pou rete nan agrikilti epi elaji pwodiksyon valè-ajoute oswa divèsifikasyon rekòlt enpòtan pou endistri nou an".

Direktris Politik pou Fidisi Fonsyè Agrikòl Ameriken (American Farmland Trust) New York la, Samantha Levy te deklare, "Envestisman nan fèm letye sa yo ap vini nan yon moman kritik. Non sèlman pwojè sa yo pral ranfòse lavni an pou fèm New York yo, yo pral asire ke tè agrikòl iranplasab sa yo pral disponib pou tout tan pou jenerasyon kap vini yo pou agrikilti ak kiltive manje. Mèsi Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta a dèske ou reponn a bezwen ijan sa a. Nou paka tann pou travay avèk Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets), fidisi fonsyè yo ak lòt patnè yo pou asire ke pwojè yo fini byen vit pou ke lajan enpòtan ale jwenn fanmi fèm kap patisipe yo ki bezwen yo ijan".

Senatè Jen Metzger, Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), te deklare, "Yon pwogram pwoteksyon teren agrikòl djanm patikilyèman enpòtan nan zòn tankou Hudson Valley, kote presyon devlopman yo te ogmante valè teren yo anpil, sa ki te fè li inabòdab pou anpil fèm. Pwogram Sibvansyon Pwoteksyon Tè Agrikòl la esansyèl pou sipòte rantabilite kontinyèl fèm letye New York yo nan ede ak diversification ak siksesyon abòdab, pou ede kenbe tè agrikòl nan men fèm yo pou jenerasyon kap vini yo".

Manm Asanble Donna Lupardo, ki se Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), te deklare, "Pwoteksyon teren agrikòl se yon pati esansyèl nan estrateji New York pou adrese agrikilt dirab. Sibvansyon sa yo pral pwoteje plis pase 4,000 ekta teren agrikòl letye pwemye chwa, ki pèmèt fèm yo divèsifye epi atire nouvo fèm. Nenpòt asistans nou ka bay fèm letye ki an difikilte nou yo se nouvo ki byenveni konsideran plizyè defi yo ap fè fas a".

Pwogram Pwoteksyon Tèren Agrikòl la pou pwodwi letye yo ap ajoute sou efò prezèvasyon tèren Eta New York ki ap kontinye yo. An 2018, Eta a te akòde yon sibvansyon rekò 35 milyon dola bay 40 fèm ki nan 19 konte pou pwoteje 5,261 ekta tèren agrikòl toupatou atravè Eta New York la atravè Pwogram Sibvansyon pou Realizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la.

Anplis de sa a, Depatman an te anonse 5.5 milyon atravè de (2) opòtinite sibvansyon pou ede konsève tèren agrikòl yo pou pwodiksyon agrikòl. Finansman an ap ede aplikan yo peye pou depans ki asosye ak jwenn ak jere yon Pwojè Akò Opsyon Dacha (Option Agreement Project), epitou pou peye frè tranzaksyon ki asosye ak don sèvitid konsèvasyon agrikòl yo resevwa yo. Depi lè Gouvènè a pran pouvwa an 2011 lan, eta a te envesti plis pase 83 milyon dola nan 117 pwojè pwoteksyon pou tèren agrikòl la yo toupatou atravè eta a.

###

Lòt nouvo disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)